



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO APRE LANMÒ VIKTIM KOUT KOUTO, JOSEF NEUMANN, NAN MONSEY

Gouvènè a renonmen Lejislasyon sou Krim Rayisans kont Teworis Nasyonal pou tounen "Lwa sou Teworis Nasyonal kont Krim Rayisans Josef Neumann" — Mande Kò Lejislatif Eta a pou adopte li nan bidjè Eta ki prevwa pou 1ye avril

"Mwen tris anpil pou mwen aprann lanmò Josef Neumann ki te sibi gwo domaj kout kouto yon agresè te anvayi lakay Raben Chaim Rottenberg nan dènye nuit Hanukka nan twa mwa pase yo.

Atak revòltan sa a te sekwe nou tout anndan nou, sa demontre ke nou pa pwoteje kont vyolans rayisans motive ke nou tout wont pou nou wè lòt kote nan peyi a.

Nan maten apre lannuit difisil sa a, mwen te ale kay Raben Rottenberg epi te mande eskiz nan non fanmi New York epi mwen te pwomèt li ke nou pral adopte yon lwa ki se premye nan nasyon an ki rele rayisans sa a sa li ye a: teworis nasyonal. Sipremasis blan yo, antisemit yo, nasyonalis blan anti-LGBTQ yo - moun sa yo se Ameriken k ap komèt krim rayisans an mas kont lòt Ameriken epi pinisyon pou zak abominab yo dwe koresponn ak krim yo. Zak rayisans sa yo ka pa te kòmanse nan New York men yo dwe fini nan New York.

Mwen pral renonmen lejislasyon sa a pou onore Mesye Neumann epi m ap mande kò lejislatif eta a pou adope li nan bidjè ki prevwa pou 1ye avril la. Nou dwe sa ak Mesye Neumann, fanmi li ak tout fanmi New York la pou reyalize sa kounye a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)